

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan data ragam basa anu aya dina acara *Sampurasun Balaréa* AKTV, bisa dicindekkeun yén upama disawang tina jihat ragam basa, dina éta acara kapanggih sababaraha wanda ragam basa panyatur, ragam basa tina jihat kaformalan, sarta pungsi omongan dina ragam basa saperti ieu di handap.

*Kahiji*, tina 613 omongan panyatur dina acara *Sampurasun Balaréa* AKTV nu midang di tanggal 08 Maret 2019, kapanggih aya 415 omongan anu kaasup kana ragam basa. Luyu jeung tiori anu digunakeun, dumasar kana jihat panyatur dibagi jadi dalapan nyaéta ragam basa *akrolék, basilék, vulgar, slang, kolokial, jargon, argot*, jeung *kén*. Ari dina acara kapanggih aya lima wanda ragam basa panyatur anu digunakeun, di antarana nyaéta ragam basa *vulgar, slang, kolokial, jargon*, sarta *argot*. Data ragam basa panyatur anu paling remen digunakeun nyaéta ragam basa kolokial. Di sagigireun éta, ragam basa vulgar paling jarang digunakeun ku panyatur dina éta acara. Hartina, panyatur dina acara *Sampurasun Balaréa* maliré bébédaan kalungguhan saperi umur, jeung tingkat sosial lawan tuturna. Lian ti éta ragam basa sosial kolokial digunakeun ku panyatur pikeun ngaéféktifkeun omongan sangkan maksudna bisa katepikeun.

*Kadua*, ragam basa tina jihat kaformalan nu nyoko kana sikep panyatur kana tatakrama basa Sunda. Tina hasil analisis data kapaanggih aya tilu wanda ragam basa nu nyoko kana sikep panyatur, di antarana nyaéta ragam basa hormat (lemes), ragam basa teu hormat (kasar), sarta ragam basa campuran antara basa sunda lemes nu nyampur jeung basa kasar atawa sabalikna. Panyatur leuwih remen ngagunakeun ragam basa hormat dina unggal segmen acara. Ieu hal nétélakeun yén panyatur miboga sikep sopan santun dina makéna basa atawa maliré kana tatakrama basa. Ari ragam basa teu hormat jeung ragam basa campuran digunakeun ku panyatur nalika dina kaayaan heureuy atawa pikeun nyieun suasana acara jadi leuwih santéy.

*Katilu*, pungsi omongan dina ragam basa nu nyoko kana pungsi polah ucap, nyaéta ma'na atawa harti dina hiji omongan. Dumasar kana hasil analisis data dina

ragam basa kapanggih aya opat pungsi omongan, di antarana nyaéta pungsi *asértif*, *impositif*, *komisif*, sarta *éksprésif*. Dumasar kana hasil analisis data, pungsi omongan asértif katitén pangrémenna digunakeun ku panyatur. Pungsi omongan asértif digunakeun ku panyatur dina nepikeun maksud bebeneran hiji omongan tina tujuh rupa ragam basa di antarana nyaéta ragam basa *vulgar*, *kolokial*, *slang*, *jargon*, *argot*, *hormat* jeung *teu hormat*. Ari pungsi omongan anu pangsaeutikna digunakeun mah nyaéta pungsi omongan éksprésif. Hartina, komunikasi nu dilakukeun ku panyatur jeung pamiarsa teu ngalaman pasalia paham.

Dumasar kana data anu geus dipedar, ku kituna bisa dicindekkeun yén acara *Sampurasun Blaréa* AKTV bisa ditalungtik dumasar kana wanda ragam basa tina jihat panyatur, ragam basa tina jihat kaformalan, sarta pungsi omongan dina ragam basa anu digunakeun ku panyatur dina éta acara.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan nu geus dipedar saméméhna. Katitén dumasar kana parobahan jaman sarta pangaruh éra globalisasi ayeuna téh ngahasilkeun sababaraha parobahan kana basa anu digunakeun ku panyatur. Upamana waé ku munculna sababaraha istilah anyar nu digunakeun ku panyatur téh lian ti ngabeungharan kosakecap basa Sunda, ogé ngabuktikeun yén basa téh sipatna dinamis.

Implikasi tina dilakukeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban ngeunaan masalah katatabasaan, sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan istilah basa Sunda kiwari. Lian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber ajar pikeun mahasiswa, utamana dina widang sociolinguistik ngeunaan ragam basa nu disababkeun ku kasang tukang sosial panyaturna.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeunna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik saperti ieu di handap.

*Kahiji*, ieu panalungtikan dianalisis dumasar kana élmu sociolinguistik dina widang wanda ragam basa sosial (sosioléék) panyatur, ragam basa tina jihat kaformalan nu nyoko kana sikep panyatur jeung tatakrama basa, sarta pungsi omongan dina ragam basa. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan anu ngagunakeun élmu séjénna.

*Kadua*, panalungtikan ngeunaan ragam basa sosial panyatur masih kénéh nyoko kana bebeneran tiori. Bakal leuwih hadé upama dina ngaguar kasang tukang atawa alesan atawa paktor nu ngabalukarkeun panyatur ngagunakeun ragam basa bisa diguar sacara langsung sangkan leuwih teleb.